# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 जून 2025 भोजपुरी समाचार

दुइ दिन के दौरा पर काल्हि बनारस पहुंचल मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नहीं ओइजा के ताज होटल पर पहुंचि के आवे वाला चउबीस जून के प्रस्तावित मध्य क्षेत्रीय परिषद क बइठकी के तइयारियन क जायजा लिहलें। येह दौरान उहां के अधिकारियन के जरूरी निरदेस दिहलीं। निरीक्षण के दौरान मुख्यमंत्री के साथे प्रदेस सरकार क जल शक्ति मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह आ श्रम अउर सेवायोजन मंत्री अनिल राजभर आ स्टाम्प राज्य मंत्री रविन्द्र जायसवालो मौजूद रहलें। मुख्यमंत्री आजु बनारस से गोरखपुर पहुंचलें। गोरखपुर में उहां के सरधांजलि देवे बदे भाजपा क महानगर अध्यक्ष देवेश श्रीवास्तव के आवास पर गइलीं। देवेश श्रीवास्तव क बीतल दिनन में हृदय गति रूकि गइले से सरगबास हो गइल रहे।

**********

केंद्र सरकार देस के अलगि–अलगि इलाकन में दुइ हजार ड्राइविंग ट्रेनिंग स्कूल खोलले क फैसिला लिहले हौ। नई दिल्ली में एगो कार्यक्रम में काल्हि केन्द्रीय सड़क परिवहन अउर राजमार्ग मंत्री नितिन गडकरी कहलें कि ई ट्रेंनिंग स्कूल देस के पिछड़ा अउर जनजातीय इलाकन में खोलल जाई। उहां के कहलीं कि एहसे नौजवानन बदे रोजिगार क मौका उपलब्ध होई। श्री गड़करी कहलें कि देस में करीब बाइस लाख डराइबरन क कमी हौ।

***अभी ट्रक ड्राइवर के लिए, ये भी 18–18, 16–16 घंटे चलाते हैं। विदेशों में ऐसी सिस्टम है कि वो कार्ड डालता है और आठ घंटे हुए कि उसको उतरना ही पड़ता है, गाड़ी चालू नहीं होती, अब वो ला रहे हैं हम लोग। इसके बाद ट्रक और बसेज में कार्ड सिस्टम होगी। आठ घंटे होंगे तो गाड़ी चलेगी नहीं। सुप्रीम कोर्ट का भी एक निर्णय आया है, देश में 22 लाख ड्राइवरों की कमी है। तो हम दो हजार ड्राइविंग ट्रेनिंग स्कूल हिन्दुस्तान के अलग–अलग जगह पर खोल रहे हैं। विशेष रूप से सोशियली इकोनॉमिकली बैकवर्ड ट्राइबल एरिया में पिछड़े हुए क्षेत्रों में ताकि वहां के लोग ड्राइविंग सीखें और उनको रोजगार मिले।***

**********

देस सेवा, सुसासन अउर गरीब कल्याण के सिद्धांतन से प्रेरित हो के एक दसक में उल्लेखनीय बदलाव कइले हौ। आकाशवाणी समाचार आप लोगिन खातिर पछिला इग्यारह बरिस में प्रमुख क्षेत्रन में सरकार के कोसिसन पर एगो खास श्रृंखला ले आइल हौ। येही कड़ी में आजु, हमनी सब किफायती अउर स्वास्थ्य सेवा पर जनकारी दे रहल हईं।

***आयुष्मान भारत जैसी प्रमुख पहलों ने लगभग 55 करोड़ लोगों को वित्तीय सुरक्षा प्रदान की है। जबकि आयुष्मान वय वंदना योजना के अंतर्गत, 70 वर्ष और इससे अधिक आयु के सभी वरिष्ठ नागरिकों को स्वास्थ्य सुविधाओं का लाभ दिया गया है। आयुष्मान भारत डिजिटल मिशन ने स्वास्थ्य सेवा वितरण को आधुनिक बनाया है, जिसके अंतर्गत 78 करोड़ से अधिक आयुष्मान भारत स्वास्थ्य खाते बनाए गए हैं। इसके अलावा, पीएम–आयुष्मान भारत स्वास्थ्य अवसंरचना मिशन के अंतर्गत स्वास्थ्य सेवा के बुनियादी ढांचे का तेजी से विस्तार हुआ है। पूर्वोत्तर में असम में पहले एम्स सहित कई राज्यों में एम्स की स्थापना और विस्तार, विकेंद्रीकरण और चिकित्सा शिक्षा के लिए सरकार की मजबूत प्रतिबद्धता को दर्शाता है। सरकार ने कोविड–19 महामारी के दौरान पहला मामला दर्ज होने से पहले हवाईअड्डों पर स्क्रीनिंग से लेकर वैक्सीन टास्क फोर्स का गठन और तुरंत देशव्यापी लॉकडाउन लगाने तक त्वरित और साहसिक कदम उठाए। इसके अलावा, कोविड प्लेटफॉर्म के माध्यम से सुचारू रूप से वैक्सीन वितरण सुनिश्चित किया गया, 220 करोड़ से अधिक खुराकें दी गईं, जबकि ई संजीवनी ने टेलीकंसल्टेशन को सक्षम बनाया, जिससे मरीज घर से चिकित्सकों से जुड़े रहे। विष्णु की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से मैं सरफिरोजी।***

**********

उत्तर प्रदेस बीएड संयुक्त प्रवेस परीक्षा क नतीजा जारी हो गइल। प्रदेस क उच्च सिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय लखनऊ के डॉक्टर राममनोहर लोहिया राष्ट्रीय विधि विश्वविद्यालय में नतीजा जारी कइल गइले क औपचारिक जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि परीक्षार्थी अपने यूजर आईडी अउर पासवर्ड से बीएड प्रवेस परीक्षा क नतीजा ऑनलाइन देखि सके लें। प्रवेश परीक्षा में पहिला जगहि मिर्जापुर क सूरज कुमार पटेल के मिलल हौ। श्री उपाध्याय बतवलें कि प्रवेश परीक्षा कुलि तीनि लाख पांच हजार चारि सौ ओन्तालीस अभ्यर्थी दिहले रहलें, जेहमें से तीनि लाख चारि हजार नौ सौ अस्सी अभ्यर्थी काउंसिलिंग क पात्र घोसित कइल गइल हवें।

**********

प्रदेस के करीब सज्जो पूरबी जिलन में आजु भिन्नहियें से आसमाने में बादर छवले हवे। कुछु जगहिनि पर बूंदाबांदी से ले के हल्लुकाहे बरखा भइले क खबरि हौ। गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के इलाकन में भिन्नहीं क रिमझिम बरखा के बादे बादरन के बिच्चे से घाम निकरल, जेकरे नाते उमस बढ़ि गइल। मौसम विभाग के मोताबिक बरखा क वायुमण्डलीय परिस्थिति बनल बा। अगिला अड़तालीस घंटा के दौरान कई जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे हल्लुक से मध्यम बरखा भइले क पूर्वानुमान हौ।

**********